

Chè Fanmi,

Mwen espere ou sennesof ak ansante epi ou byen repoze ak relaks pou ete sa a. Pandan n ap apwoche kòmansman ane lekòl 2020-21 an, mwen vle pataje kèk nouvo enfòmasyon enpòtan avèk ou sou pwotokòl sante ak sekirite nan lekòl pitit ou a—ak nan chak lekòl—pou ane k ap vini an.

Tout lekòl yo ap planifye pou aprantisaj ki mik, kote elèv yo pral resevwa enstriksyon nan bilding lekòl yo nan yon pati nan semèn lan epi yo pral kontinye aprann adistans lakay yo nan lòt jou semèn lan. Sepandan, nenpòt fanmi ka chwazi aprantisaj adistans sèlman (100%), pou nenpòt rezon. Si w pi pito aprantisaj adistans a 100%, nou mande w pou fè nou konnen vandredi 7 out pou pi ta pou lekòl yo ka gen ase tan pou planifye. Tanpri ale sou schools.nyc.gov/returntoschool2020 pou ranpli yon fòm kout sou sitwèb la oswa rele 311.

Nan lèt sa a w ap jwenn:

- **Kondisyon pou ouvri lekòl ak pou yo ka rete ouvri**
- **Kisa k ap pase si yon moun vin malad:** Nouvo enfòmasyon sou tès COVID-19 ak retrace moun nan lekòl yo
- **Pwotokòl jeneral sante ak sekirite pou chak lekòl**

[Kondisyon pou ouvri lekòl ak pou yo ka rete ouvri](#)

Pandan n ap kontinye swiv avèk prekosyon yon chanjman konstan nan sante, gen yon bagay ki rete menm jan: angajman nou nan sante ak sekirite elèv, pwofesè ak estaf nou an. Priorite sa a se baz tout regleman nou yo pou avanse nan mwa septanm.

31 jiyè, Majistra a avèk mwen te anonse bilding lekòl yo ap ouvri an septanm epi y ap rete ouvri. An mwayèn pa semèn, vil la dwe wè mwens pase 3% tout tès COVID-19 yo vin pozitif. Anplis, si yo jwenn 3% pou pi piti Nouyòkè ki teste pou COVID-19 gen viris la apre nou ouvri lekòl, bilding lekòl yo ap fèmen ankò, epi 100% aprantisaj la ap fèt adistans pou tout elèv.

Depi jen, nou gen apeprè 1-2%, epi n ap travay nan kolaborasyon avèk Depatman sante ak liyèn mantal Vil Nouyòk (Department of Health and Mental Hygiene (NYC Health), Tès + retrace NYC ak biwo Majistra a pou prepare pou yon reouvèti lekòl ki byen planifye. Si estaf ak elèv yo pa ansante, yo pa ka anseye ak aprann epi n ap fe tou sa nou kapab pou asire lekol yo rete sennesof ak ansekirite pou aprann.

[Kisa k ap pase si yon moun vin malad: Nouvo enfòmasyon sou tès COVID-19 ak retrace moun nan lekòl yo](#)

Nan bon jan kolaborasyon avèk kolèg ekspè yo nan NYC Health, nou devlope pwotokol ki estrik ki konsidere prevansyon, prekosyon ak repons pou yonn oswa plizye elev oswa anplwaye nou yo ki gen yon ka COVID-19 ki konfime. Li enpòtan pou konnen yon "ka ki konfime" vle di yon paran oswa yon responsab, elèv oswa manm estaf voye rezilta yon tès ki pozitif ki soti nan doktè oswa laboratwa—tankou yon lokal tès vil la, yon doktè prive oswa yon sant swen pou ijans ap dirije—ba lekòl.

Pwotokòl nou pou kenbe kominote lekòl yo ansante se:

- **Prevansyon:** Apati premye jou ane lekòl 2020-21 an, si yon elèv oswa yon manm estaf vin malad, yo dwe rete lakay yo. Anplis, si sentòm yo sanble sentòm COVID-19, y ap mande yo pou fè tès.
- **Santi w malad nan lekòl:** Si yon elèv kòmanse gen sentòm nan lekòl, yon manm estaf la ap izole l ak swiv li jiskaske paran oswa responsab li vin chèche l. Manm estaf ki vin gen sentòm nan lekòl la dwe avèti responsab yo epi kite bilding lan imedyatman.
- **Tèste:** Nou mande pou tout manm estaf la fè [tès](#) pou COVID-19 nan jou kòmansman lekòl la epi y ap gen priyorite pou ba yo rezilta rapid nan 34 lokal tès ki nan Vil la. Nou mande tou pou tout estaf lekòl yo teste chak mwa pandan ane lekòl la. Tès gratis sa a disponib tou pou fanmi ki nan vil la.
- **Retrase:** Si gen yon ka COVID-19 ki konfime nan yon lekòl, NYC Test + Trace ak NYC Health pral fè investigasyon pou konnen kiyès ki te ankontak avèk li nan lekòl la. Tout elèv ak pwofesè nan salklas yo ki gen ka konfime, yo konsidere yo kòm kontak etwa epi y ap mande yo pou rete an karantèn pou 14 jou depi dènye fwa yo te ankontak avèk moun ki konfime a. Nan klas ki pi gran yo kote elèv yo ka chanje klas, sa aplike pou tout klas ki te gen ka konfime a.

Si gen plis pase yon ka nan yon lekòl, epi li pa nan menm salklas la, aprantisaj la ap kontinye fèt adistans epi bilding lekòl la ap fèmen pou omwen 24èdtan pandan NYC Test + Trace ak NYC Health ap fè investigasyon. depann de rezilta investigasyon an, salklas ki konsène yo oswa tout bilding lan ap rete fèmen pou 14 jou karantèn.

Elèv yo ap kontinye aprann adistans pandan peryòd tan karantèn ki nesèsè a.

- **Kominikasyon:** Kit sentòm yo kòmanse lakay oswa nan lekòl, ap gen yon seri enfòmasyon ki klè pou pran mezi rapid ak anpeche kontaminasyon. Si gen yon ka COVID-19 ki konfime, lekòl yo pral kominike avèk tout fanmi ak elèv ki nan lekòl la.

Pwotokòl jeneral sante ak sekirite pou chak lekòl

Teste ak retrase fè pati plizyè pwotokòl sante ki estrik ki la pou kenbe kominote lekòl nou yo ansante. Men bagay enpòtan oumenm ak fanmi w ta dwe konnen sou pratik sante ak sekirite, regleman ak pwotokòl Depatman edikasyon Vil Nouyòk pandan n ap reouvri bilding lekòl nou yo an septanm:

- Elèv ak estaf dwe kouvri vizaj yo toutan pou pwoteje nen ak bouch yo nan lekòl oswa lè yo pral lekòl. Gen eksepsyon pou timoun ki paka kouvri vizaj pou rezon medikal ak pou timoun ki pi jèn ki paka kouvri vizaj akòz rezon devlopman.
- Elèv ak estaf dwe rete nan yon distans fizik sis pye pandan jounen lekòl la, nenpòt kote sou lakou lekòl yo ak lè yo prale lekòl ak tounen lakay.
- Y ap netwaye lekòl yo pandan tout jounen an epi y ap dezenfekte yo chak swa, avèk atansyon espesyal sou kote moun touche plis yo.
- Mask, dezenfektan pou men (hand sanitizer) ak ekipman pou netwayaj ap disponib nan tout lekòl.
- Chak lekòl ap gen ekip ladan yo ki prepare pou reponn si ta gen yon enkyetid konsènan sante nan yon lekòl.

- Chak lekòl ap gen yon sal izolasyon ki la pou itilizasyon si gen yon elèv ki vin malad pandan jounen lekòl la.

Pou jwenn plis detay sou sa yo ak lòt reglema, tanpri ale sou schools.nyc.gov/returntoschool2020 epi klike sou "Health and Safety" pou jwenn plis enfòmasyon ak tout sa ki resan yo.

N ap rapwoche reouvèti a pandan n ap konsantre sou sante ak sekirite epi baze regleman nou yo sou ekspètiz pwofesyonèl sante nou yo—pwen final.

Mwen se yon paran, pwofesè ak direktè lekòl leta epi mwen konnen sa sa vle di lè w vle pi bon edikasyon ki posib pou pitit ou pandan w ap asire sante ak sekirite tout fanimi w. nou aprann ansanm anpil bagay depi mwa mas—ni sou viris la, ni sou kapasite pou reyaji ak bay repons nan tan reyèl. Se pou sa nou p ap aksepte nenpòt bagay eksepte pwosesis ki pi estrik ak pi solid la pou nou retounen lekòl.

N ap voye plis enfòmasyon nan jou ak semèn k ap vini yo. Kòm toujou----Mèsi poutèt ou fè pati fanmi DOE a.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk